

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh mangrupa gambaran ngeunaan kalimah kedaling ambek tina kumpulan naskah drama Sunda *Jeblog*. Hususna ngeunaan pilihan kecap, wujudiah, papasingan, jeung adegan kalimah kedaling ambek ditilik tina lengkep-henteuna klausa pangwangunna.

Kalimah kedaling ambek anu kapanggih tina analisis data jumlahna aya 365 kalimah kedaling ambek. Ditilik tina pilihan kecapna kedaling ambek aya tilu rupa, tapi anu kapanggih tina analisis data ngan aya dua pilihan kecap, nyaéta (1) kalimah kedaling ambek basa kasar, jeung (2) kalimah kedaling ambek basa lemes. Data kedaling ambek basa kasar anu kapanggih tina analisis data jumlahna aya 361 kalimah (98,90%). Kalimah kedaling ambek basa lemes, anu kapanggih tina analisis jumlahna ngan ukur 4 kalimah (1,10%).

Ditilik tina wujudiah kalimahna, kedaling ambek dibagi jadi tilu nyaéta (1) kedaling ambek wangun kecap, (2) kedaling ambek wangun frasa, jeung (3) kedaling ambek wangun kalimah. Kedaling ambek wangun kecap anu kapanggih tina analisis data, jumlahna aya 34 kalimah (9,32%). Kedaling ambek wangun frasa anu kapanggih tina analisis jumlahna aya 30 kalimah (8,22%). Kedaling ambek wangun kalimah anu kapanggih jumlahna aya 301 kalimah (82,47%).

Ditilik tina lengkep henteuna klausa pangwangunna, kalimah kedaling ambek dibagi jadi dua bagian, nyaéta (1) kalimah sampurna jeung (2) kalimah teu sampurna. Kalimah sampurna anu kapanggih tina analisis data, aya kana 127 kalimah (34,79%). Kalimah sampurna dibagi deui jadi dua nyaéta kalimah sampurna susunan baku jeung susunan balik. Kalimah sampurna susunan baku jumlahna aya 114 kalimah (31,22%). Kalimah susunan balik, anu kapanggih tina analisis data jumlahna aya 13 kalimah (3,56%). Sedengkeun kalimah teu sampurna anu kapanggih tina analisis data aya 238 kalimah (65,21%).

Tina ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun yén kedaling ambek bisa diulik sacara kabiasaan, nyaéta bisa diulik tina pilihan kecap, wujudiahna, papasingan jeung adegan kalimahna. Ku kituna, teu salah upama kedaling ambek bisa dijadikeun bahan ajar guneman di SMA.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan téh ngan medar ngeunaan pilihan kecap, wujudiah, papasingan, jeung adegan kalimah kedaling ambek ditilik tina lengkep henteuna klausa pangwangunna, nu dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Ku kituna, panalungtik miharep:

- 1) aya panalungtik séjén anu bisa nambahan bahan garapan kana ieu panalungtikan, sangkan aya karageman atawa aya hal nu anyar dina pangajaran basa Sunda;

- 2) pikeun guru, ieu bahan pangajaran bisa diujikeun ka siswa, nyaéta pikeun mikanyaho éféktif henteuna ieu bahan pangajaran dina ngaronjatkeun kamampuh siswa, utamana dina widang kabasaan.

